



Pou Piblikasyon Imedya: 06/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL TRAJÈ REKÒ NAN METWO NAN MARATON DIMANCH LAN

*Metwo yo te anrejistre 2.3 milyon trajè peye nan maraton dimanch lan, OMNY atenn yon gwo rekò pou antre nan metwo yo*

*Rekò dimanch lan vini yon semèn apre plizyè ajans MTA pibliye pi bon semèn nan 12 dènye mwa yo, ki enkli rekò samdi nan metwo a, samdi 28 oktòb la*

*Gen kèk foto Nouyòkè yo nan sistèm metwo a apre maraton an [Isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Nouyòkè yo te deplase nan metwo Vil New York la an kantite rekò apre pandemi an pou ale nan Maraton Vil New York TCS 2023. Atlèt ak espektatè Maraton yo te pran metwo pou ale nan kous dimanch lan, ki bay yon total 2,304,683 trajè peye, pi gwo kantite pou yon dimanch depi prèske kat ane. Rekò a se yon amelyorasyon 8.8 pa rapò ak dimanch Maraton ane pase a lè te gen 2,118,137 pasaje.

"Maraton TCS Vil New York la se yon enstitisyon, epi se klèman meyè fason pou atlèt, zanmi ak espektatè gade atlèt klas mondyal k ap fè konpetisyon lè yo pran metwo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Semèn apre semèn, n ap kontinye bat rekò pasaje nan metwo yo, wout ray, ak otobis nou yo pandan Nouyòkè yo ap kontinye retounen nan sistèm nan gras ak envestisman enpòtan nou yo nan sekirite ak sèvis."

Nan Maraton dimanch lan, pasaje yo te konte sou OMNY – sistèm peman san kontak Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) a, – pou pran metwo. OMNY te bay total 58.5 pousan tout pasaje dimanch yo, ki depase rekò anvan an ki te fèt nan samdi 28 oktòb lè 56.2 pousan nan tout pasaje yo te peye atravè tap-and-go.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Pa gen anyen tankou Maraton Dimanch pou montre retou Vil New York la byen vivan epi li byen. Mwen te deplase nan metwo senk fwa pou gade pitit fi mwen ki t ap kouri epi mwen te santi enèji ak antouzyas dirèk nan chak arè. Lonè pou Ekip Transpò Vil NY la, ki te leve kanpe jan yo toujou fè sa, avèk planifikasyon ak preparasyon ki entelijan pou mennen plizyè milyon fanatik ak atlèt kote yo bezwen ale yo."

Sa se dezyèm wikenn konsekitif ke sistèm metwo a bat yon rekò. Samdi pase, [28 oktòb](#), metwo a te anrejistre plis pase 2.7 milyon trajè peye. Nan dimanch, an patikilye, trajè yo te rive an mwayèn 1.9 milyon pasaje nan kat semèn ki pase yo.

Rekò 28 oktòb la te ede make meyè peryòd sèt jou pou plizyè ajans MTA ant 23 oktòb ak 29 oktòb. Transpò piblik Vil New York te obsève metwo ak Access-A-Ride pibliye meyè semèn yo nan 12 dènye mwa yo. Metwo a te anrejistre plis pase 24.4 milyon trajè peye, pandan Access-A-Ride te anrejistre 196,000 rezèvasyon depasman.

Toude chemendfè banlye yo te pibliye pi bon semèn yo nan 12 mwa ki pase yo tou, kote toulede ap pote regilyèman kounye a omwen 200,000 pasaje an mwayèn yon jou lasemèn. Long Island Rail Road te pote 1.4 milyon pasaje pou semèn nan epi Metro-North Railroad te pote 1.3 milyon pou semèn nan. Nan dimanch 28 oktòb, Metro-North te vann 3,010 tikè bay Cold Spring nan Grand Central Terminal pou fanatik feyaj otòn yo – plis tikè pase popilasyon Cold Spring la pou kont li.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)